20 November 1931 Taoen 11.

...OEN LENGGANAN
...VARA-TAMA:
... . . f 6,— | njoewoen kabajar roemijin.
... . . f 3.—
... . . f 1,50
...ar saben woelan

...AD ADVERTENTIE:
... . . . . . . . . . f 36.—
... . . . . . . . . . f 18,65.
... . . . . . . . . . 9,75.
... . . . . . . . . . f 5,25.
...poen: saben 1 cm² . . f 0,03;
...kedikipoen: f 1,50.
...emili alit-alitan: f I.—
...t kapatjak langkoeng saking sapi-...tawi dados lengganan, tepang rembag ...mijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE-COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

# KABANGSAN.

### INGKANG SEMBADA, LARAS LAN WASPADA!

Ing djaman sapoenika poenika ... woetah rah kita Indonesia ...ng binasakaken kados tijang ...r, soemedya goemrégah toe...k ing damel. Émanipoen déné ...njarengi mangsa patjeklik arta, ...dintenipoen saweg mendoeng ...endanoe, poenapa déné tjara...oen tijang Katholiek, kesoepèn ...èng sembahjang éndjing, toewin ...rèng sembahjang: mangrasoel ...ida. Amila sareng badé toemapak ...g damel taksih toeni-doengkap kabekta dèrèng mateng anggènipoen tjetjawis poenapa ingkang kedah linampahan roemijin, saha kesoepèn bilih sadaja antjas boten namoeng mligi kanggé kabetahaning raga (donja), nanging ingkang angka satoenggal kedah laras kalijan karsanipoen ingkang Maha-ngoewasani donja saisinipoen.

Waoe ngadjeng koela matoer Indonesia nglilir: katitik saking moebahingkabangsan(nationalisme), ingkang ateges noedjoe dateng kamardikan. Katahing pakempalan-pakempalan poenapa déné toewoehing koperasi-koperasi saèmper toewoehipoen widji ing siti loh, toewin sapitoeroetipoen, kados para maos ...oten kekilapan. Déné alanganipoen ...ama taksih katah sanget; amargi ...nangsanipoen saweg mlesek. Na...nging poenika anggèn koela mastani ...édé alangan, awit kamardikan (mardika) ingkang tegesipoen namoeng nengenaken oetawi ngojak arta, soepados soegih arta, poenika béndjing menawi saged kelampah badé manggih riribed ingkang langkoeng anggigirisi sanget. Amargi arta ingkang katah, poenika dajanipoen soemoek, asring dados toeking piawon, sisib-sembiripoen ladjeng dados mangéran dateng arta, mangka arta poenika oegi kénging kawastanan titah; manembah dateng titah oegi kalebet nembah brahala. Leloehoer kita roemijin kadosta: djamanipoen Sang Praboe Hajam woeroek saged ngelar djadjahan ngantos saged sa-Indonesia, boten saking dajaning arta. Éwasamanten tradjangipoen taksih dèrèng leres, amargi namoeng amboedjeng dateng kaloehoeran, kawibawan, kamoektèn lsp. Kaloehoeran, kawibawan saged mbleret, amargi dajaning kawontenan lan wolak-waliking djaman.

Ananging sanadjan mekaten, arta poenika oegi kalebet srana ingkang bakoe kanggé wekdal sapoenika, djalaran angèngeti djaman V.O.C. ing sakawit rak inggih boten nijat ngelar djadjahan; toedjoe ingkang bakoe namoeng soemedya gegramèn pados kaoentoengan, dilalah toemboek lan begdjanipoen saged ndakoe karadjan ing ngriki, djalaran kradjan Indonesia kawon desoek, kawon witjaksana, boten mangertos poenapa ingkang kedah linampahan.

Koela kinten krenteg saha toedjoe nglempakaken arta poenika wiwit kala samanten sahéngga sapriki tansah wonten ing manahipoen kawoela ing kradjan-kradjan ingkang ageng-ageng ingkang sapoenika saged birawa ing samoedajanipoen. Toedjoean kaseboet sampoen tjoemitak ing telenging manahipoen kawoela ing kradjan² waoe, kang mangka wonten oetjap-oetjapan: de geldhonger is onverzadigbaar; amila jèn keladoek kénging winastanan mata doewiten.

Mendoengipoen ngendanoe: wonten bertèk bilih para pamimpin ingkang mangka djoeroe moedining baita kabangsan, sami apradondi rebat ngadjeng, amila kita para panoempang baita kabangsan sami katjelik, roemaos tjoewa déné lampahing baita teka rendet.

Awas! Ing ngriki kita kedah waspada. Amargi jèn wonten kosèkdomponipoen saha wonten rembag madal soembi saged oegi kalebetan: (jèn tjara djoeroe film Djakarta) tjoro. Baita kita boten badé doemoegi ing samodraning mandirèng pribadi, nanging dados lebar lahan. Ingkang koela koewatosaken bokbilih raos ka-nasionalist-an ing wantji mendoeng poenika ladjeng manoeksma ing ka-communisme-an, éman sanget.

Sanadjan sabrèbèt doerèn toedjoeanipoen Communisme lan nasionalisme katingalipoen soemamar (mèh sami) nanging saèstoenipoen boemi langit bédaning dedasar saha toedjoenipoen. Bab poenika para panoentoen ingkang adedasar kabangsan saèstoe temtoe dangan paring wedjangan saha angèngetaken dateng bangsa sakoela inggih poenika para tinoentoen.

Déné minangka tamèngipoen bebaja waoe inggih ing wantji sapoenika saha kanggé tembé wingking inggih poenika namoeng srana njaèkaken panggoela wentah, saha meper oebaling hawa nepsoe sarana ngibadah. Para tinoentoen sampoen ladjeng kirang pitados dateng panoentoenipoen. Semanten oegi para panoentoening kabangsan anggènipoen noentoen para tinoentoen sampoen ngantos slèwèngan. Awit samangsa rakjat taksih dèrèng moedeng bédanipoen nasionalisme toewin Communisme, oetawi dèrèng mateng panggoela wentahipoen, temtoe badé manggih riribed malih.

Poenapa ta paédahipoen koentjara, mardika, jèn para kawoela boten roemaos marem, saha malah dados resah tatananipoen, misoewoer tètèk-bengèkipoen; koewatos koela malih mangké gèk kados dongèng koetjing kalih ingkang njolong kèdjoe kèwedan pambagénipoen, wasana neda pangadilan dateng poen ketèk. Begdjanipoen poen ketèk.

Noewoen: *Ananging K. b. a.*

# PRADJA RAHAJOE.

### PANTESISME.

Kala minggoe tgl. 15-11-1931 P. I. tjabang Semarang damel openbare vergadering manggèn ing Luna theater. Ingkang ndatengi éwon, ngantos boten amot, ing djawi gedong poenapa oegi katah penonton sami deg-degan. Politie bangsa Indonesier lan Walandi oegi wonten.

Ingkang noentoen sad. Tjipto pangarsa P. I. tjab. Semarang. Sadaja ingkang wonten ing kalangan podium ngagem sarwa loerik. Koeploek, sandé, dasi, rasoekan sami loerik. Bandéra mérah petak boten kantoen, dalasan loeroep médja bestuur petak abrit. Menjanjian Indonesia raja boten kantoen, damel ngganteng.

Boten sadaja sesorah koela atoeraken ing ngriki. Namoeng sakedik ingkang koela tjoeplik ing ngriki, inggih poenika bab „Pantesisme". Ingkang sami medar sabda:

1. Sad. Augustinus Soetantri bab pegoeroean rakjat.
2. Sad. Santosa bab economie.
3. Sad. Moh. Jamin bab azas P. I.
4. Sad. Soewirjo bab zelf help.
5. Sad. Mr. Ab. Soekoer, Mr. ingkang saweg kémawon mandap saking Europa nepangaken kalijan rakjat wonten ing oemoem.
6. Sad. Mr. Ali bab demokrasi.
7. Sad. Mr. Soejoedi bab noncöoperatie.
8. Sad. Mr. Sartono pangarsa H. B. P. I. bab Swadhesi.

Mr. Sartono nerangaken lan ndjlèntrèhaken bab Swadhesi. Mitoeroet Mr. Sar. Swa pikadjengipoen pijambak (sendiri) dhesi pikadjengipoen désa, dados kita orang kedah ngadjengaken lan nggegesang woeloewedal (gadahanipoen) pijambak, ngadjengaken tenoenipoen pijambak (industrienipoen) pamedalipoen pijambak. Menggah ingkang dados djalaran morat-mariting ekonomie kita djalaran lepat anggènipoen sami damel begrooting (ngrigenaken arta) kantja wingking. Lepating begrooting waoe kabekta saking: Broek-broekan stelsel, soembang systeem, pantesisme. Manawi saben tijang saged ngatoer grijanipoen pijambak, saged sami mardika ing wewengkonipoen pijambak poenika inggih dados marginipoen nggajoeh kamardikan.

Broek-broekan stelsel, maksoedipoen sadèrèk kita poenika manawi wonten satoenggal ingkang mletik, oepami Mr. oetawi commies, klerk, poenika ingkang katah ladjeng sanak sadèrèk, pénak-pénakan ingkang sampoen graad 10, sami katitipaken, kaebroekan mrikoe, poenika oegi dados djalaran begrooting kita orang sendiri boten klop.

Soembang systeem, Swara-Tama sampoen kerep ngemot. Namoeng Mr. Sartono bangsa advocaat sampoen kerep dipoentedani toeloeng tijang prekawisan oetang-pioetang warni-warni, wonten tijang gadah samboetan margi gadah damel lsp. Ingriki Mr. Sartono damel tjonto satoenggal. Wonten tijang nama A. Saben A dipoenoendang tijang gadah damel temtoe dateng lan poeroen neda étja, nanging boten njoembang sasèn-sasèna. Kotjapa sareng A gadah damel tamoe inggih katah, namoeng soembangan nihil. Sareng sampoen bibar-bibaran njonjah A nangis glolo, tjotjogan kalijan toean A déné arta f 350,— telas, tanpa pikantoek soembangan. Toean A ladjeng nggandèng ingkang èstri: „Iboené, gilo kendil iki doedoeken, enggonen noetoepi begrootingmoe sing entèk kanggo doewé gawé ikoe!" Sareng kadoedoek isining kendil trep f 350,— djalaran A waoe manawi dipoenoelemi, arta soembangan waoe boten dipoensoekakaken ingkang gadah damel nanging dipoentjemploengaken ing kendil.

Pantesisme. Para maos koela atoeri notjogaken kalijan keng slira pribadi, langkoeng-langkoeng kadang kita R. K. pijambak. Pantesisme poenika ngèlmoe pantes badanipoen pijambak. Sanadjan ora pantes ija dianggep pantes, toer anggènipoen mantes waoe tansah kinggilen. Mr. Sartono njarijosaken kawontenaning Jacatra. La menggah djèrènganipoen pantesisme poenika makaten.

Lo, koela poenika dados commies temtoenipoen koela rak kedah noetoeti pangkat koela commies: Jèn oedoed pantes-pantesé klisma „stelané pantes-pantesé palmbeacht, gabardine, omahé koedoe mangkoe dalan gedé. Iboené pantesé slopé koedoe ndjinggring, njanpingé sida moekti oetawa sido loehoer; gelangé, kaloengé, penitiné dada enz. enz. koedoe kaja mengkéné. Inoemané manawa ana dajoh sanadjan bangsa kita déwé koedoe taktari: tèh, soklat koffie, bier, air blanda, wiskij, pait enz. pantesé. Soegoehané: pantesé sultana parhtese l. s. p.

Kala samanten ingkang sami nengani roemaos kawasoeh kalijan Mr. Sartono. Déné ingkang dados kersanipoen Mr. Sartono: rèhné kita orang ini made in Java, kedah ngadjengi sanget dateng gegadahan kita sendiri; manawi wonten tamoe boten perloe ladjeng ngawontenaken ingkang boten wonten-wonten. Malah wekdal samangké manawi kita mertamoe dateng Jacatra segahanipoen ingkang kelimrah emping mlindjo, manawi wonten ingkang ngedalaken roti mari sultana kepeksa lingsem lan njoewoen ngapoenten. Poenapa awonipoen ngedalaken emping mlindjo, walangan pisang koewih lapis, enz.

Ing Jacatra sapoenika sampoen oemoemipoen pitjis loerik badjoe loerik. Malah para poetri ndatengi pakemlan, wani nganggé paris kepeksa lingsem, lan boten badé pikantoek papan. Mr. Sartono oegi boten tjotjog manawi Swadhesi-nganggé barangipoen pijambak — barang tenoenan sapitoeroetipoen kanggé mode. Mr. Sartono ngadjengaken soepados madjengipoen gegadahan kita sendiri.

Sapoenika koela matoer dateng para maos kakoeng poetri poenapa pandjenengan sami netjep pantesisme? Manawi boten mokal, djer koela asring mireng :„Mas, bakja soewengkoe digedèkaké, gelangkoe dielar!" Samanten roemijin.

SOEMIRAT.

# PENGADJARAN.

### PANGADJARAN KITA TJALON KÉNGING ARADAN MALAISE.

*(Protès vergadering ing Solo, nolak nijatipoen begrootingscommissie ingkang badé namakaken pedang pangiridan wonten ing djagad pangadjaran).*

— o —

Dinten, Selasa tg. 3/4 woelan poenika pakempalan B. A. P. A. lan P. G. H. B. afd: Solo ngawontenaken parepatan oemoem perloe atoer pepènget dateng ingkang wadjib, menggahing kersanipoen anggèné badé namakaken pedang pangiridan wonten ing djagad pangadjaran.

**Rede voorzitter.**

Wonten ing pambikakan voorzitter (sad. M. Soetédja) nerangaken wontenipoen Crisis economie ing sadonja, ingkang Indonesia inggih katoet kambah aradan. Poendi-poendi negari ngawontenaken pangiridan, kabekta lebeting arta negari boten njekapi kanggé njampeti kabetahan. Tindaking negari ingkang makaten poenika, sampoen boten kénging dipoen sélaki, ananging prakawis ngirid poenika inggih kedah kalarasaken kalijan kaperloeanipoen, sampoen namoeng waton ngirid kémawon.

Wiwit G. G. énggal ngasta poesaraning pradja, ladjeng sengkoet pamboedi-dajanipoen sageda damel klop begrooting negari. Satoenggiling pamboedi-daja waoe wonten saprakawis ingkang badé damel pitoena ageng dateng bangsa kita, i. p. pangiridan ingkang tjalon doemawah ing kalangan onderwijs, kados déné ingkang katjeta wonten ing rantjanganing begrootingscommissie. Prakawis pangadjaran makaten satoenggiling factor, ingkang penting sanget kanggé kamadjenganing bangsa, éwasamanten meksa badé dipoenkirangi. Jèn tjara ngirangi poenika adamel pitoena ageng, ngrendeti kamadjenganing bangsa, poenapa negari ladjeng boten kénging dipoenwastani boten ngertos ing wadjib. Saja trenjoeh manahing Comité daloe poenika, manawi ngèngeti tjara anggènipoen badé ngirid, ingkang namoeng badé adamel pitoena, badé adamel rendeting kamadjengan kémawon. Manawi rantjangan makaten waoe saèstoe toemindak, moegi-moegi pamoelangan-pamoelangan partikelir kémawon sasampoena sadija nampi anak² kita waoe, sampoen ngantos ketriwal . . . .

**Sesorahipoen sad. Pinandaja.**

Njarijosaken rantjanganipoen begrootingscommissie. Ing saladjengipoen ngandaraken ambah-ambahan ingkang tjalon dateng ing kalangan onderwijs. Kawontenaning H.I.S. samangké dèrèng maremaken manah, éwasamanten badé kénging aral ingkang saged damel saja boten saénipoen. Voorklas badé dipoenitjali, perloenipoen soepados saged ngirid goeroe satoenggal. Itjaling voorklas poenika kanggé kita sanès karoegèn ageng. Goeroe voorklas waoe badé kapoerih moelang klas I, ingkang limrahipoen dados tjepenganipoen Hoofd der school oetawi goeroe ingkang sepoeh. Poenapa goeroe voorklas ingkang waoenipoen koelina moelang menjanji, orde lss. poenika tjalon tjakep, dèrèng saged nemtokaken. Klas II lan klas III tjalon kadamel gentosan mlebetipoen; saged oegi klas II mlebet éndjing, klas III mlebet sijang, oetawi klas II mlebet dinten Senèn, klas III dinten Selasa, saladjengipoen. Kawontenan makaten temtoe adamel rendeting pangadjaran. Manoenggilaken klas VII saking pamoelangan H.I.S. sawatawis poenika adamel kangèlaning goeroe ingkang moelang, damel andaping peil pengadjaran. Kanggé kita alit-alit kados boten saged toemindak. Jèn badé kagamblokaken kalijan kita ingkang wonten H. I. S. ing satjelakipoen ngrikoe, oepami Patjitan kalijan Trenggalèk oetawi kalijan Wanagiri, badé adamel soesahing tijang sepoeh. Bab poenika saged ndjalari njoedakaken tjatjahing anak-anak kita ingkang saged neroesaken doemoegi klas VII.

Itjaling voorklas Mulo poenika badé karaos sanget kanggéning bangsa kita, djer ingkang ndadak mawi mampir voorklas poenika ratjakipoen laré-laré bangsa kita, ingkang dipoenanggep dèrèng saged njamèni moerid-moerid wedalan E. L. S, kabekta saking ilatipoen bangsa kita dipoenwoelang basa Walandi angèl sanget. Itjaling voorklas Mulo, poenika alangan ageng kanggéning laré-laré kl. VII ingkang badé neroesaken pasinaonipoen, djer ingkang kénging ndjoedjoeg kl. I Mulo poenika namoeng laré-laré ingkang peng-pengan kémawon, ingkang tjatjahing saben klas namoeng 3 oetawi 4. Jèn kalampahan makaten, temtoe tjalon njoeda tjatjahing laré Indonesia ingkang saged doemoegi Mulo, ingkang oegi njoedakaken tjatjahing bangsa kita ingkang saged doemoegi pamoelangan tengahan lan inggil.

### ISINIPOEN:

Kabangsan — Pantesisme — Pengadjaran kita tjalon kénging aradan malaise—Moempoeng dèrèng kasèp — Film Djakarta — Kabar Pasoendan — Goentingan pers — Kabar saking pakempalan — Pangandika dalem K. S. Bapa Leo XIII — Watjana manéka warna — Oerap-sari — Correspondentie.

# GOENTINGAN PERS.

**Doemoegi samanten tjotjog!**

*D. K.* ngewrat artikel, soembanganipoen S.K.S. Kanti rena lan girang-girang S. K. S. saged netepaken:

Semangat ke-Indonesiaan makin tebal.

Ladjeng teroesipoen:

*Bintang-Timoer* beloem poeas dengan itoe. Digerakkan olehnja soepaja ada pakaian sematjam, pakaian Indonesia, soepaja tidak lagi ada bertjelana, ada bersaroeng, berkain, berpitji, bertopi, berblangkon (bendo) dan lain-lainnja. Semoea haroes sematjam, pakaian kebangsaan Indonesia.

Alifoeroe, Bali Lombok dan selandjoetnja, melainkan semoea itoe Indonesia, seperti halnja djika kita melihat orang Europa „ta' bisa kita menoendjoek, mana Inggris, mana Belanda enz., karena sematjam pakaiannja.

Oleh *Bintang-Timoer* diandjoerkan adanja prijsvraag, soepaja bisa mengoempoelkan bermatjam-matjam model bagaimana jang baik boeat mode pakaian Indonesia, agar bisa dipilih dan dipoetoeskan oleh Commissie, satoe dari pada mode-mode itoe, dan dioemoemkan djadi pakaian Indonesia.

Moelai sekarang boleh mengirimkan kepada *Bintang-Timoer* matjam pakaian jang ditjinta-tjintakan, kalau bisa dengan gambarnja sekali.

***

*Sedijo Tomo*, karena merasa boekan ahli kebagoesan pakaian, tidak akan memberi pertimbangan model pakaian kebangsaan itoe, tetapi memperingatkan:

a. Tebal tipisnja rasa kebangsaan tidak boleh ditilik dari pakaian.
b. *S. T.* menetapi sjarat, Indonesia boekan berarti haroes memboeang apa-apa jang tidak mengoerangkan rasa ke Indonesiaan.

***

Penoelis berpendapatan jang mirip *S. T.* Kami rasa koerang perloenja *Bintang-Timoer* mengorbankan sebahagian tenaganja boeat mengandjoerkan persamaan pakaian. Baik mengambil hal jang lain, jang dapat menambah tebalnja semangat ke Indonesiaan, sehingga ta' ada sedikit djoeapoen dalam hati seorang Indonesia poenja koerang rasanja Indonesia.

Doemoegi samanten koela tjotjog kalijan *S.T.* lan *D.K.* Amila mottonipoen S. K. S. koela tirokaken:

*Boekan persamaan pakaian kita, jang membawa ketetapan persatoean Indonesia, akan tetapi hanjalah ketetapan bathin jang membawa kepada persatoean Indonesia itoe.*

# SAKING PAKEMPALAN.

## PAREPATAN WARGA K. W. BARA.
15 November 1931.

I. Kabikak djam 9.30.
II. Ingkang rawoeh: Pandjenenganipoen Rama G. A., wakil pamaréntah 1, warga 20, stem 7.
III. Rembag-rembag saha poetoesanipoen:

1. Ngabsahaken notulen, boten èstoe ngetjapaken boekoe oelar-oelar pasrawoengan, awit kekatahen ragadipoen.

2. Panggoela-wentahing laré èstri ingkang prajogi, poenika ingkang perloe: sapisan bapa-bijoeng pijambak kedah mrenata, ing djiwa-raga amrih saé, tjekap, wiloedjeng gesangipoen kekalihipoen jèn sampoen ngadeg, lairing djabang baji, doemoeginipoen oemoer 6 taoenan, tijang sepoeh sekalijan ing lair-batosipoen kedah njontoni kanggé dedasaripoen ingkang poetra, soepados ing béndjing dados tijang ingkang soetji, ambek welasan miwah saged ngekahi pemanggihipoen ingkang leres-leres, sampoen dados kaoem iman tepijoer!

3. Nampi oesoel-oesoel lan tjalon kelampahan:
a. K. W. badé jasa grija, tjaket Pastoeran, déné ragadipoen mendet kas K. W. f 33.50, wewah saben warga satoenggal maringi samboetan f 1, tjalon teksih nampi soembangan saking tjabang P. P. K. D.; menggah goenanipoen kanggé: papan adjang kempalan-kempalan, kantoran bibliotheek lan koran-koran, ngaso jèn dong ndèrèk Mis Soetji Ngahadan lsp.
b. Pakempalan „Pangroekti-Laja" èstoe madeg, namoeng toemrap 4 keloerahan: Bara, Paras, Deksa, Ngipikredja. Dipoentampi déning vergadering kanti moepakat, déné pamilihing pangrèh lan pranatan toemindakipoen, badé karembag ing pakempalan P. L. pijambak.
c. Ngadegaken „Comité Dèsèmberan" kapasrahaken dateng sadèrèk 3, ragad saben warga satoenggal katarik f 0.25. toedjoenipoen kanggé pésta 25 Dèsèmberan toemboek Wijosan Dalem Sang Paneboes, dados inggih namoeng tjlimèn kémawon.
d. Ngèngeti djamanipoen saweg rekaos, mila pembajaripoen contributie sawoelan-woelanipoen, warga satoenggal soeda 3 sèn.
e. Saben taoen jèn ngleresi rijajanipoen Sang Pangajoman K. W. St. Joesoep, 19 Maart, sadaja warga sami dipoenatoeri ndèrèk Mis Soetji (nampi Panoenggil Soetji) sesarengan, lan njoewoen widadaning jejasan.

4. Tjaos pepènget kagem antjer-antjer pemilihipoen ingkang badé nggentos kemoedi K. W., i. p. sampoen milih prijantoen ingkang sampoen tjoemeta bilih boten sagah nglampahi, ingkang dalemipoen pating prentja, ingkang poegoeh namoeng ngendelaken slira pijambak. Dadosipoen kedah ngoepados: prijantoen ingkang sakinten sagah nampi sesanggemanipoen kanti temen-temen, ingkang tjelak dalemipoen, dipoentjotjogi déning sadèrèk katah poenika mahanani soeboering K. W.

5. Dipoenselani nampi pangritikipoen para warga, ingatnsing tindak-tandoeking Bestuur ingkang sampoen kapengker. Sadaja sami katjaosan wangsoelan kalajan terang lan marem ing panggalih, menggah ingkang sisip badé kaleresaken, toewin ndjangkepi kekiranganipoen. Djer seling-sereping pamanggih poenika sampoen salimrahipoen, noenten alal-ba'alalan. kantoena tresnatinresnan ingkang pinanggih.

6. Énggalipoen rembag gandèng wadjibing Bestuur jèn sampoen sataoen lèrèh, mila ladjeng pilihan malih, menggah ingkang kadawahan oendi:

F. S. Padmawarsita — Pangarsa.
P. M. Sasramihardja — Panitra.
Raf. Partahardjana — Hartaka.
F. S. Martasoenarja, C. Wignjasoedarma, W. Mertawidjaja, R. Darmapranata } Djoeroe noepiksa

Atas pangrèh énggal: matoer sanget noewoen dateng pakempalan déné sampoen pitados, lan ing sasagedipoen badé toemindak mitoeroet wadjib kanti pangatos-atos.

7. Wasana djam 1.30 katoetoep kanti wiloedjeng.

*Verslaggever.*

## M. K. Afd. Stanislaus.

Dinten Ngahad 15 Nov. '31, M. K. Afd. Stanislaus ing Mataram pista.

Ing dinten waoe para warga sami ndèrèk Mis Soetji wonten ing grédja St. Joesoep, lan tampi Communie sesarengan. Ingkang ngoendjoekaken Mis, padoeka rama Moderator.

Bakda saking grédja ladjeng kaarak dateng Darmasoebratan ing Kenèkan. Wonten ing ngrikoe ngwontenaken pepanggihan lan karaméjan sawatawis kanggé ngoermati St. Stanislaus pangajomanipoen M. K.

Ingkang rawoeh ing ngrikoe kadjawi para warga M. K., oegi para wakiling pakempalan ing Mataram, kirang-langkoeng sadèrèk 60. Rama Moderator boten kantoen.

Programma pepanggihan:
1. Pamboeka — Sadèrèk R. A. Soehadi.
2. Oendjoekan lan njamikan.
3. Panembrama — Kinanti Soebakastawa sléndro, déning sadèrèk Pangarsa lan sadèrèk sawatawis.
4. Sesorah babadipoen St. Stanislaus mawi basa:
a. Djawi — Sad. I. Toekimin.
b. Mlajoe — Sad. C. J. Soekardi.
c. Walandi — Sad. I. Roesdijana.
Bakda poenika nampi sesorah saking oetoesan:
K. W. — sad. Soedarsana.
M. K. Aloysius — Sad. Soewandi.
M. K. Joh. Berchmans — Sad. Aboekahar.
Jozefbond — Sad. Saparija.
Lan saking sad. Doelgani.
5. Oendjoekan lan njamikan.
6. Main topi (mawi pris).
7. Oejon-oejon.

Pepanggihan djam 8 — 1 sijang.

Bab kawontenaning pista koela saged mastani namoeng tjlimèn. Ing ngrikoe wohing M. K. katingal njenengaken. Sadèrèk M. K. ingkang sesorah babadipoen St. Stanislaus waoe boten ngoetjiwani. Wohing koersoes Walandi gadahanipoen M. K. katingal maremaken, déné sampoen poeroen medali.

Koela namoeng moedji moegi-moegi M.K. sageda saja soeboer lan madjeng, sageda ngedalaken woh ingkang katah. Pangadjeng-adjeng koela moegi M. K. toemoelara ing sanès panggènan. Mangga para sadèrèk Moeda Katoelik ing sanès panggènan, karsaa noetoeti kamadjenganing moeda katoelik ing Mataram.

Taklim koela: *Penonton.*

## Parepatan warga R. K. D. B.

Nalika dinten Minggoe tanggal 8 November 1931, R. K. D. B. ngwontenaken parepatan warga manggèn wonten gedong Militair thuis ing Kramat (Batavia-centrum). Ingkang sami rawoeh kirang langkoeng sadèrèk 30 kaétang kalijan rama Parampara, saha wonten tamoe kalih.

Parepatan kabikak déning sadèrèk Pangarsa djam 10,30 éndjing kanti ngloehoeraken asma Dalem Goesti Jésoes.

Wondéné ingkang karembag:

1e. Maos notulen parepataning warga ing woelan Augustus 1931, sareng sampoen kaéwahan ingkang perloe-perloe, ladjeng kaabsahaken.

2e. Sesorahipoen rama Parampara ingkang soeraosipoen soepados para warga ingkang tetep anggènipoen sami nindakaken koewadjiban babagan Agami (Katholieke plicht).

3e. Sadèrèk A. Hardjasoewita sesorah nerangaken bédanipoen pakempalan **Politiek** lan **Sociaal** kanti pandjang, saha ndadosaken maremipoen para ingkang sami mirengaken.

4e. Pakabaran:
a. Maos serat saking Pangrèh K. W. ing Solo, soeraosing serat, soeka panarimah déné R. K. D. B. sampoen ngintoenaken dana perloe kanggé badé adeging Grédja énggal ing Solo.
b. Gegajoetan kalijan karanganipoen sadèrèk Dahana ing S.K. no. 30 taoen poenika, sadèrèk F. Partoatmodjo oesoel soepados R.K.D.B. damel **motie**; wonten ing parepatan ngrikoe prakawis kasbat nginggil karembag ngantos ramé, nanging meksa dèrèng wonten poetoesanipoen.
c. Ing sarèhning sadèrèk Panitra (Secretaresse) badé pindah pandamelanipoen, kapeksa ladjeng ngwontenaken pilihan warga Pangrèh; déné ingkang kapilih, inggih poenika sadèrèk Radèn rara J. Meneng.
d. Sadèrèk Pangarsa ngatoeraken P.f. dateng Pangrèh Paloepidarma, déné tanpa sraba-sraba saged ngwontenaken tjabang Paloepi-Darma. Menggah woedjoeding Pangrèh: Sadèrèk W. Soeradi Pangarsa,
„ A. Sardjono Panitra,
„ W. Wijono Hardana,
sadaja sami siswa ing R. K. A. M. S.

5e. Pitakènan.

6e. Panoetoep, kirang langkoeng djam 12 sijang parepatan katoetoep kanti sembahjangan Sembah bekti.

*Verslaggever.*

## Parepatan warga K.W. afd. Semarang tg. 15 Nov. 1931.

Parepatan manggèn ing H. I. S. Mardisiswa Djomblang, karawoehan ing warga 20 lan tamoe 1. Djam 10,15 pakempalan kabikak.

Ingkang karembag:

1e. Kerstfeest: ingkang badé nandangi comité ingkang warganipoen kadadosan saking kempalipoen pangrèh-pangrèhing sadaja pakempalan Kath. ing Semarang: K.W., W.K., P.P.K.D., de Gloria lan Coöperatie.

2e. Vaandel. K. W. badé jasa tetengering pakempalan sarana damel vaandel kados kempalan sanèsipoen. Rantjangan ragad f 30. Symbool-ing vaandel: dasaring vaandel biroe kagambaran pinggir kiwa tengen lelie sakembaran, ngandap poking lelie lar garoeda sapasang, tengahing vaandel gambar tanah Djawi, tengahing poelo pernah t. Djawi tengah gambaran salib, kinoebeng ing gambaran soerja soemorot. Tanah Djawi tjèt idjem soerja tjèt abrit. Ing sanginggiling salib waoe gambaran keris ndjedjer manginggil. Maknananing symbool ateges: K.W. ngajom dateng St. Joesoep kanti katresnan dateng Dèwi Marijah toewin Sang Kristoes, adedamel (gewapend) nationale ideën, gadah pangadjeng-adjeng amrih tanah Djawi saged soemorot kados soenaring soerja ing langit.

Manawi sami roedjoek, K. W. Semarang gadah pengadjeng-adjeng soepados K. W. symbooling vaandelipoen kadamel sami.

3e. Ngideraken lijst njoewoen dana kateng warga woedjoed panganggé oetawi sanèsipoen, kanggé mitoeloengi kasangsaranipoen sadèrèk ing Kalibawang. Coöperatie Semarang badé njoewoen tjontonipoen tenoenan saking Kalibawang, coöperatie sagah mitoeloengi njadèkaken.

Ngèngeti kasangsaranipoen sadèrèk ing Kalibawang poenika K. W. Semarang badé adjak-adjak dateng pakempalan Kath. Djawi ing Semarang, mendet sapéranganing arta saking saben kempalan, dipoenklempakaken, perloe kanggé mitoelingi sadèrèk Djawi Kath. ingkang betah sanget pitoeloengan.

4e. Toneel, riboet anggènipoen sami nandangi, ngrantjang ragadipoen, ndamel oebarampénipoen. Jèn wiloedjeng béndjing rijaja Kerstfeest sampoen saged kabèbèraken.

5e. Ngèngetaken malih dateng para warga amrih soeboering R. W, srana ngwontenaken agèn ing 2 panggénan: Smr. Wétan sad. V. S. Brotosoetidja, Smr. Kilèn sad. R. Paschalis.

Djam 12,15 pakempalan katoetoep.

*Verslaggever.*

Bab formatie Goeroe 1 kedah moelang moerid 45 à 48, boten perdoeli kadadosan saking pinten klas, poenika adamel rendeting piwoelang lan adamel risaking goeroe. Njepeng moerid makaten angèl, kabekta Goeroe kedah ngertos dateng watakwantoening moerid satoenggal-satoenggalipoen.

Bab ngirangi pambijantoening nagari dateng pamoelangan partikelir, sanadjan namoeng kanggé leermiddelen inggih damel pitoena.

Manawi kita namataken begrooting pengadjaran, langkoeng-langkoeng begrooting ingkang kanggé bangsa kita, temtoe mangertos manawi sakedik sanget. Taoen 29 begrooting pangadjaran poenika wonten $9\frac{2}{3}\%$ arta negari, samangké kirang langkoeng $10\%$. Saking arta samanten waoe, ingkang $\frac{1}{3}$nipoen kanggé bangsa Welandi lan bangsa sanèsipoen, déné ingkang kanggé bangsa Indonesia ingkang tjatjahing tikel boten kanten-kantenan jèn katanding bangsa$^2$ waoe, namoeng $\frac{2}{3}$ nipoen arta. Temtoe kémawon ratjakanipoen ragad kanggé bangsa kita sakedik sanget. Manoet katranganipoen, H. I. O. Commissie, ratjakaning wragad pasinaonipoen laré angka kalih á f 26 ing sataoenipoen, moerid H. C.S. f 69. H.I.S. f 66, E.L.S. f 129. Moerid pamoelangan doesoen temtoe sakedik sanget.

Tijang sepoeh ngragadi sekolahing anak poenika katah sanget. Saiba saénipoen manawi negari ngragadi prakawis pengadjaran poenika noelada tijang sepoeh.

Koela babarpisan boten saged njaroedjoeki tjalon tindaking negari badé njoeda begrooting pengadjaran.

**Sad. M. Soetédja.**

Mewahi katrangan bilih goeng-goenging bangsa Indonesia ingkang angsal pengadjaran ing H. I. S. poenika dèrèng wonten $\frac{1}{2}$ pCt, mila boten samestinipoen jèn ladjeng dipoenkirangi. Itjaling voorklas kanggé taoen '32, ndadosaken ± 12000 laré Indonesia ingkang boten saged angsal papan pasinaon, i.p. kapétang saking ± 200 H. I. S. ingkang mawi voorklas à gadah moerid ± 60. Itjaling voorklas Mulo poenika saged ngalang-alangi, laré Indonesia ± 6000 ingkang kapéngin ngladjengaken pasinaonipoen, nanging ladjeng kapepetan margi, kabekta angèl anggènipoen mloempat ndjoedjoeg kl. I Mulo. Jén kalampahan makaten, pamoelangan partikelir kémawon sadijaa papan ingkang njekapi kanggé anakk $^2$ita.

**Sad. Sasraprawata.**

Spr. boten moefakat sanget dateng prakawis bezuiniging kanggé djagad pangadjaran, sanadjan mawia tjara kados poendi kémawon. Sampoen samestinipoen manawi warga Raad Kawoela toewan Koesoemaoetaja tansah boten njaroedjoeki dateng tindak makaten. Djoemedoeling H I.S. saged mbekta boewah intellectueelen ingkang damel gontjanging kaoem sana, mila ladjeng wonten swara neda H.I.S. dipoenbongkar kémawon.

Pangadjaran makaten kanggé kamadjenganing bangsa perloe sanget. Republiek Zwitserland, satoenggiling tanah paredèn, éwasamanten koentjara wonten ing djagad internationaal, inggih margi saking berkahing pengadjaran. Tanah Duitschland ingkang dados koerbaning perang ageng, éwasamanten boten énggal pepes, inggih margi dajaning pangadjaran.


VAN LITH - STICHTING

Saben arta pandjennengan
100 SÈN
kaparingna ingkang
1 SÈN
dateng V. L. S.

Penningmeester V. L. S.
2e. Convict
Moentilan N. I. S.


Sadjakipoen begrootingscommissie ngraos boten seneng, soemerep Dep. v. O en E tansah ngedalaken arta kémawon, boten kados Dep. v. Gouvernement bedrijven oepaminipoen, ingkang saged ngedalaken kasil. Nanging begrootingscommissie kasoepèn, manawi kamadjenganing pangadjaran makaten, saged ngadjengaken pangasilan nagari medal margi indirect. Oepami: tijang pinter, pamedal katah, paosipoen inggih ladjeng katah lsp.

**Sadèrèk Saranta.**

Prakawis ngirangi pangadjaran poenika satoenggiling tindak ingkang kedah dipoentjatjad. Leres lairing H.I.S. poenika ladjeng kaoem sana ngraos wonten pergontjangan, kabekta ladjeng katah tijang pinter. Nanging langkoeng saé adjeng-adjengan kalijan tijang pinter, tinimbang kalijan tijang bodo, ingkang gampil memboeta toeli.

**Sad. Arkiman.**

Nitik rembag-rembag poenika, parepatan badé soeka pepènget dateng ingkang wadjib. Babagan poenika Commissie inggih sampoen mangertos manawi badé tampi pepènget, nanging meksa dipoenteroesaken. Kadadosan ingkang kados makaten poenika dadosa piwoelang, soepados kita ladjeng tjantjoet-taliwanda, boten namoeng ndjagèkaken pitoeloenganing sanès. Tandang kita, kedah soemboet kalijan soewara kita.

**Mr. Singgih.**

Saénipoen kita kedah nanding prakawis toemandjaning arta nagari ingkang kapigoenakaken dateng prakawis pengadjaran kanggé Indonesia ngriki kalijan mantja nagari, ingkang tjelak Nederland; makaten oegi tetandinganipoen kalijan Departement sanèsipoen. Kadjawi poenika kita kedah amboedi-daja ngetjakaken prakawis-prakawis ingkang badé mitoenani bangsa kita.

**Sad. Pinandaja.**

Sasampoening matoer noewoen dateng sprekers, ladjeng njoengoelaken sawenèhing pamanggihipoen kaoem sana ingatasipoen damel klop arta nagari medal margi sanès; oep.:

a) soepados nagari damel leening énggal.
b) ngindakaken paosing groot kapitaal.
c) narik paos kanggé Indonesia tijang Walandi ingkang pansioen sarta ladjeng manggèn wonten nagari asrep; awit tijang waoe tampi bajar saking arta Indonesia.
d) pènsioen militair ingkang manggèn ing nagari Walandi kasanggi ing nagari Walandi.
e) soepados wragad marine poenika sapérangan kasanggi Nederland.
f) ngirida jajasan-jajasan énggal.
g) soepados ngawontenaken samengevoegde burgerlijkedienst.
h) soepados ngirangi begrooting Oorlog lan marine. l. s. p.

Parepatan ladjeng adamel pepènget dateng ingkang wadjib. Kirang-langkoeng djam 11 katoetoep kanti wiloedjeng. *(Verslaggever.)*

*Noenoetan saking Red. Sw. Tm.*
Kita tampi motie-nipoen P. G. H. B. Pekalongan lan Wlingi, ingkang soeraosipoen oegi boten moepakat kalijan pangiridan ing kalangan pengadjaran poenika.

# ECONOMIE.

## MOEMPOENG DÈRÈNG KASÈP.

Maos seratipoen sadèrèk A.K.D. ing W. manah koela kraos, déné para sadèrèk ing W. ingkang doek nalika kinanipoen montjèr ing bab dedaganganipoen, ing wekdal sapoenika roemaos mèh boten saged goemlawat kabekta saking daja pangesoering bangsa sanès, ngantos kantoen saged ngedegaken pagantosan kémawon. Koela mireng pawartos poenika bingah, djer tijang ngedegaken pegantosan poenika, pawitanipoen boten nama sakedik. Ingkang poenika sadèrèk ing W. pantjènipoen kedah boten koewatos, bilih badé kapedjahan toeking pangoepaboga, djer **PAWITAN** sampoen wonten, katanda saking adeging pagantosan, lan **watak kaboedidajan** (ondernemingsgeest) oegi boten sepen, katitik saking wijar lan tebihing tebanipoen, doek nalika teksih lampah dagang, ngantos doemoegi Semarang, Sragèn, Kediri, Djocja, Bagelèn lan saantéronipoen. Kalihkalihipoen poenika (pawitan lan watak kaboedidajan) dedamel ingkang peng-pengan, minangka kanggé nanggoelang koerdaning mengsah. Mangga sadèrèk, moempoeng dèrèng patos kasèp, moegi dedamel pandjenengan katamakna. Oepami tijang badé mantjing makaten, tjatjing, walesan, tambang lan gandoel sampoen tjoemawis. La poenapa ingkang kirang? Oeba rampé sampoen njekapi, namoeng . . . . . nijat lan tékat ingkang taksih sepen.

„La wong arep mantjing kok kono ana wong andjala." O sadèrèk, sampoen kagoengan panggalih kados makaten, sampoen adjrih jèn boten badé angsal damel. Tijang andjala rak inggih gadah gagasan kados makaten. „Wong arep andjala kok diroesoehi wong mantjing pirang-pirang," wasananipoen tijang andjala kapeksa pados teban sanès. Mangga! Mangga Mangga! Margi pandjenengan ingkang sampoen tinoengkoelan ri bondèt kababadana malih, kanti sabar lan tawekel.

Koela sadaja roemaos bilih economie kita sakalangkoeng kontit sanget, dados koela sadaja (langkoeng-langkoeng para ingkang sampoen koewagang, liripoen ingkang sampoen kasinoengan pawitan) kedah anggegesang prakawis poenika.

Sampoen sami dawah roemaos lan krenteg kémawon, naning katandangana. Jèn tijang badé ngedegaken toko (dados ing ngriki koela anggep kapitaal sampoen wonten) ingkang preloe roemijin tijang kedah njoemerepi, barang poenapa ingkang badé dipoesadé. Rékanipoen (tjara koela lo sadèrèk) makaten.

Oepami ing kita W. katah gredjinipoen, temtoe tijang ambetahaken benang. Ladjeng benang katjateta. Katah andong, kréta, temtoe tijang ambetahaken, lilin. Lilin ladjeng katjateta malih. Oendagi ambetahaken, tatah, gradji, poekoelbesi, kikir lan sanès-sanèsipoen. Jèn katah sakolahan, temtoe katah ingkang ambetahaken mangsi, grip, potlod, lan sadaja pirantos sakolahan. Manawi sampoen soemerep kalajan tjeta barang poenapa ingkang saged lampah kasadé ing kita ngrikoe, ladjeng tijang saged nimbang-nimbang barang poendi ingkang kedah kakilak roemijin. Langkoeng prajogi jèn ingkang kaagengaken kalih oetawi tigang warni kémawon, déné sanèsipoen namoeng kanggé pepak-pepak kémawon roemijin, ngiras kanggé pretjobakan barang poendi ingkang prajogi kaagengaken malih. Ing kita W. langkoeng prajogi jèn benang, dom, lilin, kaagengaken roemijin (Margi panginten koela barang poenika ing W. badé laris). Margi lan réka-daja, soepados daganganipoen lampah lan laris, poenika katah sanget. Tjara Europa langkoeng-langkoeng ing Amerika sarana reclame lan advertentie. Nanging toemrapipoen kita, margi saking taksih ringkihing kaeconomèn, kados dèrèng kijat ngedalaken tradjang ingkang kados makaten. Déné sawatawis panggènan ingkang sampoen koewagang, langkoeng prajogi. Manawi pamanggih koela, kita kedah ngedalaken tenaga. Liripoen makaten: Ingkang taberi tawi-tawi, dateng tijang-tijang ingkang ambetahaken barang dedagangan pandjenengan. Dados djandji toekang gredji, toekang andong, oendagi, katepangana lan kagigaha manahipoen, soepados poeroen dados lengganan. Kaserep-serepna ing paédahipoen, toembas lan sadé dateng bangsanipoen pijambak. Nanging poma sampoen ngantos namakaken temboeng: „Adja toekoe nèng kono, ning toekoea nggonkoe baé." Sampoen ngantos ngoetjapaken temboeng saklimah „adja" poenika, margi pandjenengan saged sinaroewé ing pangadilan, katoeding njebar boycot-actie. Nanging migoenakna temboeng „langkoeng prajogi, margi sepisan . . . . kaping kalih . . . . . saladjengipoen." Sadaja andaran koela poenika awoedjoed theorie, déné wonten ingkang mraktikaken, pantjèn koela soewoen, déné jèn wonten sadèrèk ingkang kirang tjondong kémawon moegi karsaa ngleresaken.

Taklim: O. D. Kühr.

## PANGANDIKA DA[...] SANTO BAPA L[...]

**Tegesipoen Christel[...] cratie manoet ingkang [...] sakaken K. S. Bapa.**

Christelijke dem[...] sampoen pisan-pisan di[...] anggadahi teges politiek, nadjan temboeng dem[...] poenika manoet loegoenip[...] ing kalangan ahli filsafa[...] pangrèhing tijang alit, na[...] babagan sociaal temboen[...] cratie poenika kedah nam[...] anggé ingkang ateges aksi [...] ingkang katingal déning tind[...] kang saèstoe mikantoeki [...] kantja alit, dados democrati[...] poen ngantos pisan-pisan m[...] pangrèhing pradja (politiek). Mi[...] nipoen makaten amargi pepatjoehin[...] kodrat sarta pepatjoehing Indji[...] poenika sadjatosipoen doemoenoeng wonten sanginggilipoen prakawis ingkang éwah gingsir ingkang asa[...] ipoen saking manoengsa, dados ta[...] kénging boten inggih kedah made[...] pijambak, boten goemantoeng sa[...] king wangoening pangrèh pradj[...] (regeeringsvorm), nanging saged roe[...] djoek kalijan wangoening pan[...] pradja ingkang kados poenapa mawon, anggeripoen wangoe[...] pangrèh pradja waoe boten tjeng[...] kalijan kasoesilan moerni toe[...] tindak leres. Dados pepatjoeh[...] Kodrat kalijan pepatjoehing In[...] poenika boten tjampoer kalijan pa[...] boedi daja lan begdja/tjilakanipo[...] partij-partij ing salebeting pradj[...] Margi saking poenika ing pradj[...] ingkang wangoenipoen inggih kados poenapa kémawon, tetijangipoen saged sarta kedah netepi angger-angger ingkang sami, inggih poenika ingkang dawoeh soepados tijang tresna dateng Goesti Allah ngoengkoeli samoekawis sarta dateng sesami kados dateng badanipoen pijambak, kados makaten poenika ingkang dados patokanipoen Pasamoewan Soetji, sarta margi manoet patokan poenika para Santo Bapa ingkang sampoen-sampoen kalijan pradja poendi-poendi saged aos ingaosan, sanadjan ta wangoening pangrèh pradja waoe mawarni-warni.

*(Encycliek:* Graves de communi re[...] 18 Djanoewari 1901).

# FILM. DJAKARTA.

Kanggé tata-krami koela kedah nanggapi ngendikanipoen sadèrèk Tahrin, sepisan koela matoer noewoen déné sadèrèk Tahrin sampoen mirsani film koela toer ladjeng soeka piwoelang amrih koela saja montjèr, kaping kalih bab C. C. rèhné Tom boten toemoet mandégani, koela trimah kèndel, déné ingkang kawogan badé ngandika poenapa boten poenika babar pisan koela soemanggakaken para djoeroe-moedi, awit para prijantoen waoe temtoe oeninga poendi ingkang prajogi lan ingkang boten. Kaping tiga koela gadah pangadjeng-adjeng sasampoenipoen sadèrèk Tahrin damel referentie ing atasing film koela temtoenipoen ladjeng karsa *dadag* sagah ngedegaken pabrik film toemrap Bandoeng sawewengkonipoen perloe kasedijakaken pers kita pers nasional Katoelik.

Samanten atoer koela katoer ka-

sadèrèk Tahrin.
a gantos djedjering film,
ggil waoe saweg *Toms*
*s!*
ela matoer bab kampoeng
p. doesoen oetawi kam-
kidoel Djakarta ingkang
troekan kadang Katoelik
kina, poenika angsal koela
ngadjeng Katedral, grédja
boten kirang saking 30
nggilipoen: pengkoeh, saé,
lan klebet jejasan ingkang
gkoeng adi ing sa-Indonesia.
èrep kathedral poenika èrep
oemrap toestèlipoen Tom.
n ngrikoe saged kerep damel
e ingkang mikantoeki toemrap
Katoelik Djawi.

dos saweg mentas poenika
mireng temboeng „het zoo-
amde Groot Klooster en Kleine
ster." Tom mireng makaten,
ing toestèlipoen ladjeng dipoen-
el *scherp*, satemah tampi ka-
gan makaten: wroehanamoe Tom,
ela ana temboeng „zoogenaamde"
it temboeng „wihara ageng" oe-
va „groot klooster" koewi ing
wenèhing bab ora méntjok babar
san, marga ing wihara gedé sing
adépokan kenja-tama patang poe-
eh kèhé déné ing wihara-gatra
ng madépokan kenja-tama sa-
gang poeloeh kèhé!

Tom mireng makaten mlenggong,
é, ana kaanan katik kaja badéan.

Tom ngangseg atoeripoen: rama,
enawi gotrah djawi sa-Djakarta
onten pinten?

Sèket Tom, ora koerang ora loe-
wih; gotrah 50 maoe ana sing isih
egan til, lan ana sing wis ngojod
bebranakan sentosa; moeng kaja
kang ko-soemoeroepi, akoe andjaga
oeripé satjarané wong agama, na-
nging bab organisasi, bab pakoem-
poelan kaasta rama Franciscaan.

Tom matoer: inggih rama. koela ngertos.

Déné sesanggankoe toemrapé gotrah Europa ana 500 koelawarga, *iki* adrèsé.

Tom mripatipoen kelip-kelip, ngertos jèn Rama Pastoer poenika *pangèn* saèstoe, pakarjanipoen sadaja katata, kapilah, kabagé,

Bab opname tjelak katedral poenika koela ladjengaken sanès dinten, wit sasat tanpa pedot, mangga sapoenika kliling ing margi ageng n wandé-wandé, lan ing madya-ing pakempalan, Katoelik lan boten Katoelik.

Ing rèhné bab C. C. Djakarta adi kaoeleg-oeleg déning sadèrèk Tahrin, mangga sami toewi mrikoe, mertamoe manggihi pangrèhipoen, soepados kita tampi katrangan tjeta, deles, dados kita soemerep djedjeripoen, ingkang loegoe lan ngertos teba saha djangkanipoen.

Mila atoer koela bab C. C. sapoenika poenika boten teka kanggé mabeni ngendikanipoen sadèrèk Tahrin, nanging mligi *opname*, andjèrèng kawontenanipoen C. C Djakarta loegoe-loegoe, kapilihan ingkang perloe miwah wigatos.

C.C. Djakarta doemoegi sapoenika poenika nama pakempalan oemoem, boten mligi kanggé kadang Katoelik; namoeng ingkang gadah ada sapisanan mèh sadèrèk Katoelik sadaja.

Margi poenika waoe ladjeng wonten sedya badé ngaoeb R. K. D. B., nanging ladjeng kamanah kirang mapan, ladjeng wonten sedya ngajom P.P.K.D. ananging rèhné P.P. K. D. pijambak adeging ragangan-ipoen dèrèng djangkep, wonten kabar dèrèng saged ngrembag bab C. C. — ladjeng wonten sedya jèn saged badé mlebet P.K.J.

Poenika sadaja bab djedjeripoen.

Bab tradjangipoen ingkang mélok béda kalijan *press-section* ing *Moentilan:* sadaja karanganing warga ingkang neda kaaken dados darbèkipoen C. C. kedah katampèkaken roemijin dateng Pangrèh C. C.

Pangrèh C. C. wenang nampik lan ngéwahi karanganing warga.

Karangan ingkang boten kamoepakatan pangrèh C.C. *boten kénging* katandanan mawi nama „C.C. Djakarta."

Warganing C. C. boten wadjib nglebetaken *sadaja* karanganipoen dateng C. C.

Dados warga C. C. saged ngarang kanggé badanipoen pijambak.

Poenika pranatan ingkang mélok ketingal kentjeng bab karangan. Sarta doemoegi sapoenika C. C. Djakarta namoeng nampi karangan saking *warga*.

Bab peperangan Tiongkok — Japan?

Kedjawi kados ingkang sampoen koela atoeraken kala anoe poenika, sapoenika koela namoeng badé damel afdruk saking cliche *Het Nieuws:*

Manoet serat kabar waoe wonten toekang tjoekoer Japan tjrijos makaten „dèk doeroeng ana ontran-ontran Mansjoerïe iki, akèh kantja Tionghoa sing gagah-gagah mleboe ing kamarkoe kéné, saiki lengganankoe sedoeloer Tionghoa maoe jèn liwat kéné moeng *teroes* baé" — dados boten lidok, filmipoen *Het Nieuws* kalijan filmipoen Tom sami kémawon, wosipoen: ngriki sampoen toemoet ketjènèng.

Gajoetan bab poenika kala waoe djam tiga Tom toewi lengganan-ipoen toekang tjoekoer (*temtoe kémawon* toekang tjoekoer Indonesia)! sapoenika kamaripoen saja regeng, koersi 4 toemandang sareng, ingkang 2 isi kantja . . . . Tionghoat Dados ingkang soewaoe mlebe, kamaripoen toekang tjoekoer Japan, sapoenika mlebet mrikoe . . . . .

Poenika prijantoen, film Djakarta, isinipoen mantjawarni, lan saja toememen anggèn koela milm, sangsaja kawistara bilih glagat lan kanjataan poenika asring boten koeboek, ingkang ngégla bab temboeng: wihara ageng; mila djenggelegipoen sembada, ageng, djeboel isinipoen kawon mentes kalijan wihara ing sawingking padépokanipoen para Ngoelama Sarékat Jésoes, sapalihipoen kémawon boten (bab *katahing* kenja-santa ingkang madépokan ingrikoe).

Opname ingkang makaten poenika oegi kénging katjoendoekakaken kalijan satoenggil-satoenggiling tijang djawi: lan nglebet kala-kala boten koeboek.

Mangsoeli bab ontran-ontran Mansjoerië malih:
kados sampoen naté koela atoeraken bilih koran Tionghoa tiga ingkang sampoen angsal djawilan saking biro-poelisi: *Sin Po, Kèng Po* lan wasana *Siang Po.* Nanging oentoeng toemrap *Siang Po,* margi saged namplèk djawilan saking biro-poelisi waoe, tegesipoen: boten kalepatan poenapa-poenapa.

Wonten ing *Het Nieuws* nama *Siang Po* angsal nama saé, kirang langkoeng film ing *Het Nieuws* bab poenika afdrukipoen makaten:
bareng *Siang Po* dikemoedèni meester Anoe (dirèktoer), katon betjik lan isiné mentes, temboengé mapan.

Njarengi pangalembana ingkang pinanggih ing *Het Nieuws* makaten waoe, wé, lah-dalah, djeboel *Siang Po* kroda: damel reclame ageng-agengan: ing margi ageng lan ing gedong-gedong bioscoop.

Ing sasoemerep koela koran Mlajoe ingkang damel reclame kados makaten namoeng *Siang Po* tok.

Poenapa *Sin Po* lan *Kèng Po* badé noetoeti?

Manawi koran Walandi sasoemerep koela ingkang damel reclame ing gedong Bioscoop namoeng: *De Java Bode.*

Reclamenipoen *Sw.-Tm.* wonten Djakarta?

Saben Ngahad—sonten sampoen goemlétak ing Leeszaal tjelak Vakschool . . . . ngadjeng-adjeng rawoehing para mitranipoen . . . . .

THE END.

*De Regisseur*
(gedistribueerd door: **Tom.**
C. C. Jacatra).

## KABAR PASOENDAN.

Pandjiwitipoen kadang Tom dateng koela wonten ing Sw. Tm. No. 43, taksih katingal bintoelipoen.

Pandjiwitipoen kadang Tom, ateges adjak-adjak soepados poen T. njoengoelaken kawontenan-kawontenan ing Bandoeng.

Rak makaten ta saoedara? Kasinggihan!

Anamoeng sadèrèngipoen doemoegi ing telenging andaran poenika, para maos langkoeng-langkoeng kadang Tom moegi sampoen sami kirang ing pamengkoe manawi poen T. ladjeng ambles dangoe boten mentjoengoel-mentjoengoel, djer poen T. tjeta blaka boten gadah wekdal ingkang ombèr, lan bokmanawi poen T. sawatawis woelan malih sampoen nilar sipating tanah Pasoendan.

Soepados boten kakatahen boeboeka prajogi ladjeng kawiwitan kémawon ngrembag.

### Gotrah Katoelik Djawi ing Bandoeng.

Wiwit poen T. ngantjik ing tanah Pasoendan, gotrah R. K. Djawi ing Bond. ± 5 brajat, ateges ingkang *oemoemipoen* saged madjeng ing kalangan pak. namoeng 5 (mangka kala samanten th. 1928, dèrèng wonten krenteg badé ngawontenaken pak.)

Brajat 5 waoe kawewahan siswa ing Kadaster 3, siswa H. K. S. 2 lan siswa O. S. V. I. A. 1, let ± 4 woelanan siswa Kadaster mindak dados 6 lan onderwijzeres 1.

Boten gantalan taoen siswa ing H. K. S. lan kadaster sami pindah djalaran loeloes iksamenipoen, dados soeda.

Wonten ing salebetipoen taoen poenika gotrah R. K. ing Bnd. goesroet sanget, prasasat boten wonten ingkang tetep, dados mèmper saoepami èwet badé ngawontenaken kring.

Kala samanten sagedipoen ngempal namoeng saben dinten Minggoe ngadjengaken Lof, wonten ing pastoeran, perloe mirengaken woetjalan.

### Agami.

Rama J. de Rooy saben dinten kasebat paring woetjalan agami tjara Welandi, wiwit djam 4 — djam 5.30.

Déné ingkang sami ndatengi namoeng ingkang sami tjelak dalem-ipoen kapétang kalijan para siswa Kadaster boten langkoeng saking 10; malah terkadang boten wonten 5 éwasamanten Rama oegi tansah rena panggalihipoen, kaadjak rerembagan prakawis agami, sarana pitakènan oetawi débat-débatan.

Ngantos kirang langkoeng 4 woelan laminipoen, wonten salah satoenggal ingkang oesoel ngawontenaken

### Begravenisfonds.

Saèstoenipoen madegipoen pak. poenika saklangkoeng ngaja sanget, djer kabekta saking sekediking para gotrah R. K. ing Bnd., éwasamanten katemah, djalaran roemaos betah sanget, sarta ngroemaosi kapétangan katah kalijan para Rama, margi saking lelabetanipoen nalika Rama paring pidana pangoeboeripoen sadèrèk Kath. Djawi ingkang tilar donja wonten ing Juliana hospital; malah nalika poenika kalampahan Rama v. Rijckevorsel ing Ngajodja oegi andjenengi, sarta paring sembahjangan.

Djalaran poenika kita ladjeng bribik-bribik pijambak, sarana ngawontenaken Begravenisfonds, sarta ladjeng kapropagandakaken wonten ing telenging sadèrèk Militèren ing Tjimahi. Inggih para sadèrèk poenika ingkang ngijataken pak. kita.

Warga doemoegi sapoenika wonten 99.

Prakawis sanèsipoen boten koela atoeraken, béndjing sekedap malih (rapat taoenan) badé koela atoeraken ing ngriki.

Saplok djengkaripoen Rama de Rooy saking Bandoeng kapindah dateng Tjimahi, gotrah R. K. Djawi ing Bnd. ragi morat-marit, awis ngwontenaken pepanggihan.

Rama van Asseldonk sagah ngladjengaken, namoeng ladjeng sandé, djalaran kabekta Rama kagoengan tanggelan kedah tindak-tindak kliling dateng sadjawining kita.

Kadjawi poenika ing ngriki kados ragi perloe ngatoeraken kring.

### Van Lith Stichting.

Ada-ada poenika saèstoenipoen saking tjloeloekipoen panjerat, malah sampoen angsal erkenningbewijs poenapa.

Doemoegi sapoenika moesna tanpa wonten kabaripoen;

Sebabipoen:

a) Kabekta saking sekediking warga (djalaran sami pindah).

b) Margi poenika ladjeng sami sagah ngintoenaken contributie pijambak-pijambak dateng ingkang kawogan.

Prekawis poenika nitik preloenipoen, prajogi kaladjengaken, déné ingkang kataman ing dajaning maleise, masi boronga ingkang sampoen sami dados warga.

Telas atoer koela bab gotrah R. K. Djawi, Begravenisfonds lan V. L. S. gantos ngatoeraken.

### P. P. K. D. tjabang Bandoeng.

Madegipoen tjabang poenika, para maos sampoen sami pirsa, manawi kita angsal toentoenanipoen toew. Harjadi, ingkang sapoenika dedalem ing Bandoeng kagem sawatawis wekdal.

Rawoehipoen toew. Harjadi wonten ing Band. mila dados redjaning gotrah R. K. Djawi ing Band. sadaja. Malah pandjenenganipoen sampoen naté oesoel, soepados Begraaf. lan P. P. K. D. dados satoenggal liripoen namoeng sasarengan njamboet damel; anamoeng doemoegi sapoenika dèrèng saged toemindak, djalaran pangarsaning B. f. boten njondongi.

Madeging P. P. K. D. tjabang Bnd. sampoen djangkep 1 taoen poenika. Warganipoen sampoen 25.

Ing salebetipoen 1 taoen poenika P. P. K. D. sampoen naté ngintoenken oetoesan dateng parepatan ageng kaping kalih.

Nitik tjatjahing gotrah R. K. Djawi, boten sepintena makaten saged ngawontenaken ada-ada kados kasebat, kados kénging kawastanan madjeng.

Ing ngriki koela perloe matoer, prakawis widadaning pakempalan-pakempalan waoe, koela boten saged nemtokaken. Bokmanawi saged sirna, djalaran namoeng wewahing para pindah panggénan lan padamelan.

Prakawis rawoehipoen satoenggiling Rama wonten ing Bandoeng, ingkang adamel bingaripoen para kadang ing Bnd. sedèrèk V. J. Loeh. sampoen naté damel andaran wonten ing Sw. Tm. ngriki, dados boten perloe koela wangsoeli malih.

Semanten roemijin, sanès dinten kaladjengaken ngrembag „*St. Melania Stichting* lan *Missie ing Pasoendan*".

Taklim. *Tahrin.*

**N. B.** Para maos! Wonten ing Swara Tama no. 44, titel „Sambet rembag" tetemboengan koela „*koela i. k. dados medewerkeripoen pers poenika*" *poenika* ing ngrikoe ateges **H. I. S.** sanès **Tamtama;** dados sampoen klèntoe tampi kalijan pangandikanipoen sadèrèk H. J. Patrem ing Sw. Tm. no. 46. Lan karangan-karangan koela ing H. I. S. poenika, koela babar pisan boten nedya nanding kawaskitan! Koela namoeng mligi ngatoeraken manawi temboengipoen sad. Tom. „*ajem*" poenika boten njata. Sawangsoelipoen pandoemoek koela dateng sadèrèk Tom, i. k. ladjeng loemèbèr dateng R.K. Djakarta, sarta dados lan doekanipoen, oegi sampoen kirang ing pamengkoe.

Asma sesinglon wonten ing S. K. oemoem pantjèn boten gampil kasoemerepan!!

aksamanta *T.*

## WATJANA MANÉKA WAW..

### PHILIPPINA DÈRÈNG MANDIRÈNG PRIBADI!

Sampoen lami anggènipoen Philippina kapéngin, lan boten namoeng kapéngin tok, nanging inggih oegi toemandang ngoedi, dateng mandirèng pribadi.

Lan regeering Amerika begdjanipoen kok inggih boten sengit dateng ébah-ébahan dateng mandirèng pribadi poenika. Malah saplokipoen Amerika mengkoe Philippina saben President lan saben Congres soeka djandji badé njoekani kamardikan dateng Philippina, soepados mandirèng pribadi.

Éwasamanten Philippina doemoegi sapoenika kok dèrèng kalampahan mandirèng pribadi!

Sebab poenapa? Poenapa Amerika tjidra ing djandji?

Amerika namoeng djandji: b a d é njoekani kamardikan. Déné wajah lan mangsanipoen boten katetepaken.

Dèrèng lami minister perang Amerika, Patrick J. Hurley, dateng pijambak wonten ing Philippina, (Philippina dados gegebenganipoen minister perang), niti priksa kawontenanipoen kanti tapis, ladjeng wangsoel dateng Amerika lan ngladosaken pratélan angsal-angsalanipoen papriksan waoe. Sadaja poenika gandèng kalijan poetoesan: Philippina kaetjoelaken poenapa boten.

Lan president Hoover, manoet „J a v a - B o d e", inggih sampoen soeka poetoesan, srana nindakaken „veto": Philippina dèrèng kénging mandirèng pribadi! Djer pijampakipoen gadah kejakinan, bilih Philippina, manawi kaetjoelaken sanalika, mangka ékonominipoen boten panggah, poenika ateges katjilakakaken.

Dados president Hoover gadah pamanggih: 1e. Jèn ékonominipoen Philippina ing wekdal sapoenika dèrèng kekah, dèrèng santosa, dèrèng tjekap kanggé antjik-antjik mandirèng pribadi. 2e. Jèn wonten bangsa ingkang kapéngin mandirèng pribadi kedah sampoen gadah antjik-antjik ékonomi ingkang kekah.

Pamanggih nomer satoenggal boten badé koela djlimet, leres lan botenipoen.

Nanging jèn saweg nitik industrie lan daganganipoen Philippina kémawon, kok inggih kapara leres. Prasasat saben iroeng sampoen soemerep, manawi industrie Philippina poenika sempoeloeripoen namoeng goemantoeng dateng peken Amerika. Dipoenoewalaken saking peken Amerika ateges mleseging industrie, dados inggih korat-kariting ékonomi Philippina.

Prakawis dagang. Sapoenikanipoen saantawisipoen Amerika kalijan Philippina lelaganipoen dagang manoet tatanan „vrijhandel": in- lan export dipoenkéngingaken kémawon. Nanging oepami Amerika noetoep „vrijhandel" lan ngetjakaken „protectie-handel" srana migoenakaken taripipoen toemrap barang-barang saking ngamantja, exportipoen Philippina badé soeda 50%; oetawi jèn kawoedjoedan arta kala taoen 1930 wonten f 132.000.000 peso.

Mesti kémawon import-ipoen Amerika dateng Philippina inggih badé soeda. Nanging soedaning import Amerika taksih kawon kalijan soedaning export Philippina.

Dados sapoenika tjeta, jèn sambetipoen Philippina kalijan Amerika dipoenpedot, vrijhandel-ipoen temtoenipoen inggih badé pedot.

Poenapa inggih mila pantjèn poenikà ingkang dados djalaranipoen president Hoover nindakaken „veto"? — Saged kalampahan! Bokmanawi boten poenika tok!

Badéja kados poendi-kados poendi djalaranipoen nindakaken „veto" waoe, president Hoover migoenakaken wewaton ingkang pantes sanget dipoenoegemi, i. p. pamanggihipoen ingkang nomer kalih: „b a n g s a k a n g m a n d i r è n g p r i b a d i k o e d o e w i s k i j a t é k o n o m i n é."

Boten namoeng sapisan poenika, sampoen kerep pamanggih, kajakinan, wewaton kados makaten poenika katjoengoelaken wonten ing S w. T m. ngriki.

Wewaton poenika saja tjeta leresipoen!

Badé moendoet boekti?—Mangga koela atoeri njawang Djerman, Oostenrijk Iss. Moendoet boekti sanès?—O, boten soesah mrika-mrika. Djer kita ngalami pijambak, kita ngraosaken pijambak.

Mangga karaosna!

Pangadjaran Indonesia badé katradjang pangiridan. Kita roemaos, jèn pangadjaran kados ingkang wonten ing sapoenika poenika, dèrèng njekapi. Mangka kok malah ladjeng kairid.

Lan kados poendi solah kita sapoenika? Sagedipoen namoeng m r o t e s t t o k!

Béda, manawi kita sampoen sembada ing babagan ékonomi.

Wonten ingkang ngagag-agagi: „akoe wis ora bisa noeloengi kowé manèh!"

Wangsoelan kita: „bagoes! Ija arep kita tandangi déwé waé!"

Lampah mandirèng pribadi poepoenika boten tjekap, jèn namoeng dipoensranani abab!

Lan madeg mandirèng pribadi poenika boten tjekap, jèn namoeng dipoenwoedjoedi mentèntèng tok!


**FIRMA-MERDEKA**
WÉTAN STATION NGABÉAN — DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,
semoea bikinan dari Indonesia betoel,
**barang baik harga pantes,**
dan bisa beli dengan
**huurkoop.**
Djoega sedia toekang boeat bikin betoel bultzak bisa didatengkan dimana tempat dan sedia
kain dari rami dan lain-lainnja

Hormat Saia
Eigenaar: **R. A. SASTRODIHARDJO.**


### CORRESPONDENTIE.

*Sri Gading:* serat pandjenengan kados dèrèng titi-mangsanipoen, jèn kagijaraken. Sampoen moetoeng lo!

Saking katahing copie lan kiranging papan, boten sadaja soembangan saged kapatjak. Jèn boten wonten alangan, inggih badé kalebetaken. Sampoen dados panggalih.

*Red. Sw. Tm.*

*Abn. 787:* taksih noenggak kwt. IV. t. '31. *Abn. 26 ing Pontianak:* pandjenengan kanggé t. '31, sampoen sah babar pisan. *Abn. 456:* sarèhné kanggé t. '31 poenika pandjenengan sampoen sah babar pisan (bajaran medal Pastoeran Bara), milanipoen postwissel ingkang kita tampi poenika toemandja poenapa? Njoewoen katerangan. *Abn. 1. (A. S.):* sampoen tjotjog. *Abn. 354:* Inggih, béndjing jèn ngetjap malih badé kasantoenan. Sampoen dados panggalih.

*Adm. Sw. Tm.*

**Ingkang dèrèng ngloenasi arta lengganan, kasoewoen kanti sanget énggal ngloenasana.**

*Adm. Sw. Tm.*

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

DJOKJA — BANDOENG
Telf. 252 — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
**SWARA TAMA.**

dengan bawa lembaran
Swara Tama
**dapat POTONGAN.**



**AWAS! AWAS!!**

Regi mirah ing ngandap poenika:
**Loodmenie,** moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa, kantoen ngoesaraken kémawon:

| Netto | 10 | 5 | 2½ | 1 | ½ | kilo. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| sa-blèg | 6,— | 3,20 | 1,75 | 0,75 | 0,40 | roepijah. |

**IJzermenie 85% ijzeroxijde**

| Netto | 10 | 5 | 2½ | 1 | ½ | kilo. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| sa-blèg | 5,— | 2,70 | 1,50 | 0,65 | 0,35 | roepijah. |

**Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.**
:-: HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-:



Boeat toean po...

**ERCEE**

**Recep...**

APOTHEKEN
**Rathkamp & Co**
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.



**Sampoen kasedijakaken**
**Papan pondokan kanggé**
**laré èstri ingkang sekolah.**

**Sinaoenipoen** dipoenoelat-oelataken
sarta dipoentoentoen.
**Wragad** mondok lan neda:

f 15.—

**HARDJADININGRAT.**
GOENOENG-KETOER, PAKOEALAMAN.
NGAJOGJAKARTA.



**TOKO DJOEN & CO.**
TELEF. No. 374.
**PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.**

Amrih soekaning para lengganan,
wiwit sapoenika kita ngwontenaken persènan.
Saben kantongan boeboek saking Djoen wonten
**COUPON MAWI REGI.**
Srana nglempakaken
kantongan dalasan couponipoen,
para lengganan badé angsal pépénginanipoen.
**Mangga énggal njobi moendoet!**

Kita sedija:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| JAVA KOFFIE | No. 1 | sa-pond | | f 1.— |
| ROBUSTA „ | „ 1 | „ | „ | „ 0.80 |
| „ „ | „ 2 | „ | „ | „ 0.70 |

Tanggel tanpa tjampoeran.
Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoermat,
**Toko Djoen & Co.**



:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda - speda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.

Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.


# OERAP-SARI.

## INDONESIA.

### Goepermènan Vorstenlanden.

*Soerabajasch Handelsblad* mireng kabar, bilih komisi mbangoen pangrèh nimbang-nimbang bab dadosipoen satoenggal Goepermènan Soerakarta kalijan Ngajogjakarta, ladjeng kaseboet Goepermènan Vorstenlanden. Nanging dèrèng saged netepaken, poenapa éwah-éwahan waoe saged toemindak ing taoen 1932.

Prakawis ing poendi doenoenging goepernoer Vorstenlanden dèrèng saged katemtokaken.

Nijat kados makaten poenika gandèng kalijan pangiridan.

Bokmanawi jèn poenika èstoe katindakaken, oepami goepernoeripoen wonten Soerakarta, Ngajodja badé roemaos medak dradjadipoen, kados déné manawi noedjoe grebegan, goepernoeripoen rak boten saged sareng-sareng inggih ing Soerakarta lan inggih ing Ngajodjakarta. Toemrapipoen goepernoer temtoenipoen inggih boten sakétja, awit kawontenan Soerakarta béda kalijan Ngajogjakarta.

### Kolonisatie Djawi.

Manoet tjarijosipoen ingkang mentas saking tanah Lampoeng (Soematra), ing ngrika poenika wonten Kolonisatie Djawi kalih panggènan ingkang ageng-ageng, ingkang satoenggal inggih poenika ing Gedong-tataan, satoenggalipoen ing Wanasaba. Ing Gedong-tataan tijangipoen kirang langkoeng 30.000, ing Wanasaba 25.000. Tijang Djawi koloni ngrikoe dédé koeli kontrakan, nanging tijang tani ingkang mardika, gadah grija pijambak, radja kaja lan sabin.

Ing Gedong-tataan djembaring tanah wonten 30 K.M. pesagi, papanipoen radin. Sapoenika irrigatie sapérangan ageng sampoen dados. Roemijin sabin-sabin angsalipoen toja namoeng jèn djawah.

Tijang koloni ing ngrikoe kalebet tjekap-tjekap. Namoeng kémawon ing djaman mlèsèt poenika pantoen prasasat boten padjeng. Nanging patjeklik boten perloe dipoenkoewatosi.

Kolonisatie Gedong-tataan poenika oemoeripoen sampoen kirang langkoeng 25 taoen. Tatananing padoesoenan sampoen kados ing tanah Djawi ngriki. Assistent Wedana, loerah, kami sepoeh oegi wonten. Malah nama-namaning doesoen katah ingkang noenggak semi ing tanah Djawi kadosta: Klatèn, Wanasaba, Pringsèwoe lsp. Inggih mèmper, awit tijangipoen ingkang katah-katah asli Ngajodja saantéronipoen lan Kedoe.

Sapoenika tijang Djawi badé mrika, kénging kémawon, nanging wonten ngrika kedah babad wana pijambak. Mesti kémawon badé dipoentoeloengi ing tijang kolonisatie ngrika.

### Dr. Rivai kalijan politiek.

Dr. Abdul Rivai ingkang tjarijos wonten ing *Het Vaderland* bilih Nationalisme Indonesia boten wonten, sarta wontenipoen namoeng Nationalisme Djawi, dèrèng lami poenika njerat wonten ing *Sum. Post*, asoeraos bilih pijambakipoen boten badé anggebjoer ing politiek, amargi dédé warga Partij Welandi sarta oegi dédé warga Partij Indonesia. Sandjangipoen: Nationalisme Indonesia poenika toenggil teges kalijan nationalisme revolutionair.

### R. K. H. I. K. mertamoe dateng Kweekschool M.D. ing Ngajogja.

Kala tanggal 16 woelan poenika moerid R.K. H.I.K. ing Moentilan pangkat V sampoen toewi dateng Kweekschool M. D. ing Ngajogja, minangka kanggé ambalesi, awit roemijin moerid Kw. kaseboet sampoen naté merlokaken dateng ing pasraman Moentilan. Tamoe katampi ing moerid pangkat V, tamtoe kémawon Dirèktoeripoen inggih toemoet manggihi. Bakda ngaso sakedap ladjeng moebeng-moebeng ningali pasang-rakiting pawijatan. Para goeroe inggih merlokaken manggihi, ngantos woelangan dipoensetop. Sareng sampoen kempoet ladjeng lenggahan malih, mawi kasoegata. Sareng sampoen tjekap ladjeng bidal, tamoe noempak bis lan ingkang manggihi noempak pit perloe ningali Grija Jatin M.D. ing Toengkak (Dk.). Sareng sampoen tapis, wonten moerid R.K. satoenggal ingkang atas namaning kantjakantjanipoen matoer noewoen. Ladjeng bidalan sowang-sowang. Tangkeping tamoe lan ingkang katamoean nglegakaken.

### POENDI MALIH ...?

Kanggé kita temtoe seneng sanget, déné pakempalanipoen para Zuster van Nazauth ingkang dèrèng dangoe anggènipoen angedjawi, sampoen gadah pamoelangan tenoen: 1e. ing Bogor, 2e. ing Semarang. Toedjoening pamoelangan tenoen poenika mligi kanggé nenoentoen sadèrèk poetri Djawi. Kanggé ing Semarang ingkang katampi dados moerid sadèrèk poetri Djawi ingkang Katoelik oetawi boten, ingkang sampoen joeswa 15 tahoen minggah. Dangoenipoen anggènipoen cursus namoeng setengah taoen, samedalipoen angsal diploma tenoen. Wekdalipoen sinaoe saben dinten kedjawi dinten ageng toewin minggoe, wiwit djam 3 doemoegi djam 6 sonten; bajaranipoen sekolah 10 sèn saben salebetan. Goeroenipoen ndatengaken saking Bogor, sadèrèk Soenda, nanging sampoen njakoep basa Djawi, Melajoe toewin Walandi. Déné papan sapoenikanipoen manggèn ing kamar kotong ing Standaardschool Kobong. Ingkang ngersakaken dados moerid saged sarembag kalijan de Vrouwen van Nazauth, Peterongan no. 40, oetawi dateng Rama H. de Kuijper, Pastorie Gedangan no. 11. Wonten ing pamoelangan ngrikoe ingkang dipoen woelangaken boten namoeng nenoen loerik kados ingkang sampoen wonten, nanging warni-warni sanget, kadosta: andoek baboet, taplak médja, rerenggan tèmbok, saroeng lan sasaminipoen, badénipoen saking lawé limrah oetawi lawé soetra.

Rèhning toedjoenipoen pamoelangan tenoen poenika loehoer lan oetami sanget, inggih poenika ngadjengaken dateng kagoenanipoen para poetri Djawi, dados sampoen mestinipoen manawi kita matoer noewoen sanget dateng pakempalan waoe, déné karsa maringi panoentoen ingkang migoenani sanget dateng tanah lan bangsa kita. Kanggé ngatingalaken panoewoen kita, mangga sami dipoen bantoe srana ngatahaken tjatjahing sadèrèk ingkang loemebet dados moerid, sokoer bagé sèwoe manawi ing sanès panggènan inggih ladjeng dipoen wonteni pamoelangan kados ing Semarang, soepados énggal saja katah tjatjahing pamoelangan tenoen, woesana sinten ingkang badé kabatèn ageng, boten sanès inggih kita pijambak.

V. S. PLOERIKAN.

### Pranatan wachtgeld toemrap goeroe partikelir.

*Java-bode* mireng kabar jèn goeroe partikelier oegi badé dipoensoekani pranatan wachtgeld kados goeroe goepermènan ingkang dipoenkèndeli margi saking wontenipoen pangiridan.

Pranatanipoen makaten: goeroe ingkang dipoenkèndeli, ing salebetipoen 3 woelan ingkang wiwitan, angsal wachtgeld 80% ning blandjanipoen nalika dipoenkèndeli, 21 woelan tjandakipoen angsal 60%, woesana salebetipoen 3 taoen 40%.

Margi wontening pranatan poenika, goeroe ingkang dèrèng mangsanipoen dipoenpènsioen, angsal oetoet tampi pènsioen kados limrahipoen.

Rantjangan ing nginggil poenika toemrap goeroe djaler. Toemrap goeroe èstri ingkang sampoen émah-émah inggih badé dipoenwonteni pranatan déning Nagari.

### Kertas palsoe malih.

*Ind-Cat.* martosaken ing Soerabaja sampoen wonten kertas palsoe konangan. Déné kertas palsoe poenika *kertas gangsalan.* Pandamelipoen awon, dados gampil titikanipoen. Éwasamanten boten wonten awonipoen, manawi ngatos-atos. Warnaning arta kertas palsoe waoe adedasar tjebelèh petak; déné ingkang toelèn adedasar semoe woengoe.

### „Centraal Missie-Bureau".

Circulair 12-11-'31 saking „Centraal Missie-Bureau" martosaken, manawi tw. W. Burer sapoenika sampoen mantoen dados wewakiling Missie (Missie afgevaardigde), nanging taksih dados adviseur. Déné pandamelanipoen dipoengentosi déning C. M. B. Jèn njerat dateng C. M. B. bab prakawis béda-béda, sanadjana toenggil sa-afdeeling, kasoewoen, sampoen kaewrat toenggil sadlantjang (kebètan).

# MANTJA NAGARI.

## TIONGKOK — DJEPANG.

**Wonten ing Matsjoerij lan ing Volkenbond taksih ramé.** Prakawis ing Mantsjoerij kados poendi badé kedadosanipoen, sinten ingkang saged metèk kanti patitis? Wonten ing Volkenbond kabaripoen sami gadah oetoet, badé saged wonten bedamèn. Nanging saweg wiwitipoen kémawon kok meksa dèrèng katingal. Tjekak taksih dados rembag ramé. Lan ing Mantsjoerij pijambak para wadya bala taksih sami riboet. Pantjènipoen mekaten Tiongkok kalijan Djepang dèrèng kénging dipoenwastani sami tjampoeh joeda. Nanging njatanipoen, mitoeroet tilgram-tilgram, swantening mrijem sami djor-djoran, mimis-mimis sami pating bleber. Wonten lepén Nonni oepaminipoen wadya bala Djepang jektos sampoen aben dedamel kalijan wadya bala Tiongkok. Djepang roemaos, jèn wadya balanipoen, ingkang wonten ing Mantsjoerij, keringkihen; milanipoen badé ngintoenaken divisie satoenggal dateng Mantsjoerij. Malah tilas keizer ing Tiongkok inggih katoet kalebetaken dateng ing madyaning pasoelajan: Djepang dipoenterka déning Tiongkok; sekoeton kalijan tilas keizer waoe. Kados poendi njatanipoen taksih wonten kekeran. Nanging Djepang kok boten poeroen njélaki babar pisan. Makaten kawontenanipoen pasoelajan ing Mantsjoerij doemoegi titimangsa poenika.

## SOVJET ROESLAN.

**Bond moengkiri Allah kirang djendjem.** Manoet tilgram *Extra Aneta-Transoc.* Bond moengkiri Allah (Bond der goddeloozen), ingkang wonten Sovjet Roeslan tok, sampoen gadah warga goenggoeng kempal: $5^1/_2$ mlijoen; tjabang-tjabang: 50.000-golongan toekang tawoer (stormtroep): 400; wonten „gemeente" tijang tani 300 ingkang moengkiri Allah; lan malih kabaripoen ing Sovjet Roeslan wonten universiteit 40 ingkang moengkiri Allah.— Éwasamanten Bond moengkiri Allah ing Roeslan kapeksa ngakeni, manawi agami boten saged dipoenitjalaken saking ra'jat, sanadjana grédja-grédja sampoen dipoenbibrah; imam-imam dipoenkoendjara, lan damel propaganda anti-agami. Pers Sovjet ngoenandika kanti djoedeg, jèn agami boten saged kabéngkas saking manahipoen kantja tani. Langkoeng-langkoeng ing padoesoenan, manawi pinoedjoe boten dipoendjagi ing Gepoe, tijang-tijang sami sembahjang njenjoewoen datenging djaman ingkang majar; ing kita-kita oegi wonten ingkang malah namoeng ngempreti dateng propagandanipoen Bond moengkiri Allah waoe. Wonten professor universiteit sawatawis ingkang boten poeroen nglegani panedanipoen pangrèh Sovjet, ingkang soepados para professor nerangna, jèn djagad poenika doemados saking awakipoen pijambak, lan moebeng-moebeng ing awang-awang tanpa toedjoe lan tanpa teges. Materialisme, la, poenika ingkang dipoenkadjengaken déning Sovjet. Nanging sinten kémawon ingkang poeroen ngoegemi Materialisme kanti teroes ing manah, kadjawi tijang ingkang boten anggagas oet. tijang ingkang seserepanipoen mogol? Djoedeg lan semoe mangkeling pangrèh Sovjet poenika katitik saking beslitipoen Academie Communis, ingkang saweg mentas kémawon kagijaraken lan ngrembag kawontenaning „barisan natuurwetenschap:" natuurwetenschap koedoe dioenggoel-oenggoelaké, nanging ora kena kelèpètan „idealisme" satitik-titika baé! Kados makaten poenika namanipoen rak medjahi wetenschap.


**SAMPOEN AMBABAR:**
**BOEKOE BABAD**
**„RANGGAWARSITAN"**

Deel I isi tjarijos lelampahanipoen **R. Ng. Ranggawarsita** ingkang élok-élok, babaranipoen ngèlmoe toewin cultuur Djawi.
Djilid I regi . . . . . **f 1.—**
Djilid II saweg kaetjap regi **f 1.25** amargi langkoeng kandel.
Ongkost kintoen . . **f 0.20.**
Kénging toembas dateng:
MARJANA
**Sidowajah :—: KLAÈN.**


**MATOER NOEWOEN.**

*Loemantar Swara-Tama poenika koela matoer noewoen dateng pandjenenganipoen*

*Mr. SINGGIH*

*ingkang sampoen ngégoehaken prakawisan koela.*

*16 November 1931.*

*Taklim koela,*

*Santasedana, Klatèn.*
*H.S. Sastrasoewarna, Solo.*
*M.J. Soekatja, Kendal.*

## BRITTANIA.

**Komprensi medja boender.** Manoet kabar ingkang kawrat ing tilgram 13 November Komprènsi médja boender kanggé ngembag golongan-golongan alit mèh sampoen kénging dipoenwastani wok, boten angsal damel. Dinten pangkatipoen Gandhi wangsoel dateng India malah sampoen dipoentetepaken dawah tanggal 21 woelan poenika. Nanging toedjoenipoen, mitoeroet tilgram énggal, radja moeda ing India Lord Irwin tjawé-tjawé, neda dateng MacDonald, soepados noeroeti panedanipoen Gandhi. Déné panedanipoen: rembag golongan-golongan alit kedah dados pepoetjaking damel rantjangan grondwet kanggé India. MacDonald jektos noeroeti. Lan pangkatipoen Gandhi mantoek dipoen oendoeraken. Gandhi boten gadah watak moetoengan!

## TOERKI.

**Oegi ngirid.** Blandja poenggawa negari, manoet tilgram, kabaripoen badé kasoeda 10%; lan prabéja loemebeting barang mantja badé kainggahaken.